

BAB III

PADIKA PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan padika panalungtikan nu ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan nyaéta prosés ilmiah dina nyangking data kalawan udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2013, kc. 2). Wangenan satuluyna dijéntrékeun ku Ratna (2015, kc. 34) nu nétélakeun yén métode panalungtikan téh mangrupa léngkah atawa prosedur sistematis nu digunakeun dina ngumpulkeun, nganalisis, jeung ngainterprétasi data dina raraga ngajawab rumusan masalah. Bisa dicindekkeun yén métode panalungtikan téh mangrupa kagiatan dina wangun ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung interprétasi data nu aya patalina jeung tujuan panalungtikan.

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Pamarekan kualitatif leuwih nyindekel kana wangun déskriptif, nyoko kana ma'na anu ditalungtikna, jeung datana lain mangrupa angka. Dumasar kana pamadegan Sugiyono (2013, kc. 9) nétélakeun yén pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nyangking data nu miboga ma'na kalawan teleb. Ma'na mangrupa data nu sabenerna, data nu pasti, tur ngawujud tina sawatara data nu aya. Nurutkeun Ratna, (2015 kc. 46) pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu museur kana wujud kekecapan, boh lisan boh tulisan dina wangun déskripsi. Ku kituna, sangkan panalungtik bisa nyangkem kana éta ma'na tangtu kudu aya panalungtikan anu leuwih jero.

Patali jeung pamarekan kualitatif, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode pikeun ngadéskripsikeun fakta dina objék panalungtikan anu tuluy dianalisis (Ratna 2015, kc. 53). Anu dimaksud fakta dina ieu panalungtikan téh nyaéta data ngeunaan struktur carita jeung éksisténsi wanoja dina novélét nu dijadikeun objék panalungtikan.


Rifa Salsa Sabila, 2025

*ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(Ulukan Struktural jeung Féminisme)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang atawa rangka nu udaganana pikeun metakeun alur panalungtikan kalawan bener tur luyu jeung udagan panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa métode atawa cara husus nu digunakeun dina ngumpulkeun, nganalisis, jeung ngainterpretasi data dina hiji panalungtikan. Lumangsungna panalungtikan téh tangtu teu bisa sagawayah. Udagan nu geus diébréhkeun téh kudu kahontal sarta nyugemakeun.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik tala'ah pustaka salaku téhnik ngumpulkeun datana. Tala'ah pustaka nyaéta métode sistematis pikeun ngumpulkeun, nganalisis, jeung ngaévaluasi sumber-sumber tinulis kayaning buku jeung jurnal nu saluyu jeung judul panalungtikan. Saluyu jeung pamadegan Fariq, spk. (2022, kc. 78) udagan tina téhnik tala'ah pustaka nyaéta pikeun nyangkem kamekaran pangaweruh tina panalungtikan saméméhna, ngaidéntifikasi gap panalungtikan, jeung nguatkeun dasar tioritis karya ilmiah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah ngolah data dina téhnik tala'ah pustaka nyaéta léngkah klasifikasi atawa papasingan. Klasifikasi nyaéta gundukan kecap nu disusun tur dipasing-pasing dumasar kana pikiran, kasadaran, tinimbangan, jeung kritéria nu tangtu. Tujuanana pikeun nyieun kelompok-kelompok bagian carita nu saluyu jeung struktur carita, sarta éksisténsi wanoja nu aya dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Patali jeung instrumén panalungtikan, Arikunto (2013 kc. 262) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat (*fasilitas*) nu dipaké panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta tabulasi jeung kartu data. Kartu data miboga tujuan pikeun ngarojong panalungtik dina milah data. Tabulasi nyaéta prosés nyusun data kana kartu data sangkan ngababarikeun panalungtik dina ngaklasifikasikeun data.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Kartu data digital mangrupa instrumén dina wangun tabél nu udaganana pikeun maluruh informasi kalawan sistematis.

Tabél 3.1
Conto Kartu Data Téma

No	Pasualan	Cutatan	Kode (N/É/P/KC)
1.	Asmarandana merego salakina keur paduduaan di café.	Tapi basa tepi ka nu dijugjug, Asmarandana ngarandeg. Sidik pisan katénjoeun, salakina jeung Suwitri, susterna, <i>baby sitter</i> anakna, asistén rumah tanggana, keur diuk paduduaan. Maranéhna papahareup dina méja korsi opataneun.	(AL/1/P3/13)

Katerangan:

AL : novélét *Asmarandana Liwung*

1 : nuduhkeun épisode kahiji

P3 : nuduhkeun pasualan katilu

13 : nuduhkeun kaca 13

Conto Ngumpulkeun Data Fakta Carita (Galur)

Épisode 1

- A. Asmarandana cicing di imahna jeung indung jeung uwana. Manéhna mandeg mayong antara ngantor jeung moal. Manéhna masih kénéh mikiran salakina nu ngandung rusiah, jeung caritaan wakil diréktorna basa tepung panungtung.
 - A.1. Wakil diréktur ngabéjaan sangkan ulah waka ngusulkeun pénsiun dini bisi disangka pundung.
 - A.2. Surat pengunduran dirina téh ngahaja can dibikeun ka diréktorna.
- B. Asmarandana mulangkeun panineungan pas ditinggalkeun ku bapana, indungna asup RSJ, jeung adina keur sakola kénéh, nu antukna hayang teu hayang kudu kaluar kuliah keur seméster 4 tur ditungtut jadi wanoja karir.
- C. Asmarandana indit ka kantor hayang apal kunaon pangna surat pengunduran dirina can dibikeun ka diréktur.
- D. Keur mémérés map pagawéan, Asmarandana meunang telepon ti kliénna nu hayang curhat ngeunaan pasualanana.
- E. Sabada telepon geus dipungkas, asup anak buahna ka rohangan gawé Asmarandana.
 - E.1. Dua anak buahna téh nanyakeun kunaon ngajukeun pénsiun dini. Ku sabab iber Asmarandana rék pénsiun dini téh geus geunjeung di kantorna.
 - E.2. Mahing Asmarandana pénsiun dini ku sabab taya deui tempat keur curhat, jeung ngarasa nu bakal ngagantikeun wakil diréktur téh pasti Asmarandana.
- F. Asmarandana reuwas, rarasaan manéhna mah geus rerencepan mikeun surat ka wakil diréktorna téh. Tilu poé ka tukang, geus rada peuting deuih ngarah loba nu geus baralik.

Tabél 3.2
Conto Kartu Data Fakta Carita
(Tokoh jeung Watek)

No	Tokoh	Watek	Cutatan	Kode (N/É/W/KC)
1.	Asmarandana	Liwung	Keur mah haté Asmarandana sakitu liwungna, katambah-tambah loba kajadian anu teu bisa henteu kudu disanghareupan. Can kapanggih jalan pikeun méré kaputusan ngeureunkeun Suwitri. Can manggih jelema keur gagantina.	(AL/4/W/62)

Tabél 3.3
Conto Kartu Data Fakta Carita
(Latar)

No	Fakta Carita	Cutatan	Kode (N/É/L/KU/KC)
1.	Latar waktu	Hawa isuk-isuk tiis matak seger kana bayahna.	(AL/1/LW/1/5)

Keterangan:

AL : novélét *Asmarandana Liwung*

1 : nuduhkeun épisode kahiji

LW : nuduhkeun fakta carita latar waktu

1 : nuduhkeun kode urutan data kahiji

5 : nuduhkeun kaca kalima

Éksisténsi wanoja nu nyangkaruk dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia bisa dipaluruh kieu:

Tabél 3.4
Conto Kartu Data Wangun Éksisténsi

No	Wangun Éksisténsi	Cutatan	Kode (N/É/WÉ/KC)
1	Aya keur dirina	Lain teu hayang manéhna mertahankeun kalungguhanana di kantor. Tapi, beuki kapikir, rumah tangga jauh leuwih penting batan karir.	(AL/1/Akd/6)
2	Aya keur batur	Asmarandana geus mindeng méré solusi ka nu kemma.	(AL/2/Akb/36)

Keterangan:

AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*

Rifa Salsa Sabila, 2025

ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(Ulukan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

É : Épisode
 WÉ : Wangun Éksistensi
 Akd : Aya keur dirina
 Akb : Aya keur batur
 KC : nuduhkeun kaca

Tabél 3.5
Conto Kartu Data Stratégi Éksistensi

No	Stratégi Éksistensi	Cutatan	Kode (N/É/SÉ/KC)
1	Wanoja Karir	Di kantor swasta tempatna digawé, manéhna nyekel kawajiban ngatur salangsukupna pagawéan, nyatet sagala rupa kondisi karyawan jeung nangtukeun kaluarasupna karyawan di éta kantor.	(AL/1/WK/13)
2	Wanoja Intelék	Tapi Asmarandana henteu héroy ku kapangkatan. Manéhna gilig kudu eureun, kudu ngurusan anak jeung salaki.	(AL/1/WI/7)
3	Wanoja Ngamasarakat	Apan pagéto téh kudu hadir di seminar ngeunaan kaséhatan jiwa, perkara strés jeung pipanyakiteunana katut ngayonanana. Héng di Hotél Widadari, tilu poé lilana.	(AL/1/WN/21)
4	Wanoja Modéren	Komo sanggeus meunang kapercayaan nulis unggal minggu dina hiji majalah kaséhatan. Tina honorarium nu katarima saban bulan Asmarandana yakin bakal bisa hirup mandiri, moal honcéwang.	(AL/1/WM/11)

Keterangan:

AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*
 É : Épisode
 SE : Stratégi Éksistensi
 WK : Wanoja Karir
 WI : Wanoja Intelék
 WN : Wanoja Ngamasarakat
 WM : Wanoja Modéren
 KC : nuduhkeun kaca

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data mangrupa alat atawa métode nu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngelompokkeun, nganalisis, sarta ngainterpretasi data dina panalungtikan. Ieu instrumén miboga mangpaat pikeun ngarojong panalungtik dina milah data nu atah jadi data nu ngandung informasi.

Rifa Salsa Sabila, 2025

ÉKSISTENSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(Ulukan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4.2.1 Kartu Analisis Data Struktur Carita

1) Téma

Sabada maluruh data ngaliwatan pasualan nu aya dina eusi carita, pasualan dina ieu novélét téh baris dianalisis pikeun nangtukeun téma nu aya dina eusi carita. Kartu analisis nu kapaluruh kayanig di handap.

Tabél 3.6
Kartu Analisis Data Téma

Pasualan Asmarandana merego salakina keur paduduaan di café Cutatan: Tapi basa tepi ka nu dijugjug, Asmarandana ngarandeg. Sidik pisan katénjoeun, salakina jeung Suwitri, susterna, <i>baby sitter</i> anakna, asistén rumah tanggana, keur diuk paduduaan. Maranéhna papahareup dina méja korsi opataneun. (AL/1/P3/13) Analisis: Lain kahayangna, nempo salaki paduduaan jeung asistén rumah tanggana téh. Duanana bangun katingali bungah. Sanajan can puguh bulé hideungna, tapi kajadian éta téh neutuli pisan dina ingetan Asmarandana.

Keterangan:

- AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*
 1 : nuduhkeun épisode 1
 P3 : nuduhkeun pasualan katilu
 13 : nuduhkeun kaca ka 13

2) Fakta Carita

Data fakta carita dianalisis dumasar galur, tokoh, jeung latar nu kapaluruh dina novélét *Asmarandana Liwung*. Kartu analisisna kapaluruh kayaning di handap.

Tabél 3.7
Kartu Analisis Data Fakta Carita

Fakta Carita: Latar waktu isuk-isuk Cutatan: Hawa isuk-isuk matak seger kana bayahna. (AL/1/LW/1/5) Analisis: isuk-isuk matak seger kana bayahna nuduhkeun waktu mimiti brayna beurang dina meleték panon poé. Kaayaan nu matak séhat, ngararasakeun haneutna cahaya panon poé jeung segerna hawa isuk-isuk harita.
--

Keterangan:

- AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*
 1 : nuduhkeun épisode 1
 1 : nuduhkeun kode urutan data kahiji
 LW : Latar Waktu

Rifa Salsa Sabila, 2025

ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(*Ulikan Struktural jeung Féminisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5 : nuduhkeun kaca ka 5

3.4.2.2 Kartu Analisis Data Analisis Féminisme Éksisténsialis

1) Wangun Éksisténsi

Tabél 3.8
Kartu Data Wangun Éksisténsi

Wangun Éksisténsi: Aya keur dirina Cutatan: Lain teu hayang manéhna mertahankeun kalungguhanana di kantor. Tapi, beuki kapikir, rumah tangga jauh leuwih penting batan karir. (AL/1/Akd/6) Analisis: Asmarandana geus sadar kana kahanan dirina salaku wanoja jeung indung. Manéhna hayang leupas tina karirna sangkan bisa ngurus budak jeung salakina. Geus mikeun surat pengunduran diri ka kantor, tapi can meunang Acc ti dirékturna. Asmarandana keukeuh bajoang némbongkeun kahayang dirina sangkan bisa kaluar ti éta perusahaan. Dina ieu hal, Asmarandana némbongkeun éksisténsi wanoja aya keur dirina, bajoang némbongkeun kabébasan dirina.
--

Keterangan:

AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*

1 : nuduhkeun épisode 1

Akd : Aya keur dirina

6 : nuduhkeun kaca ka 6

2) Stratégi Éksisténsi

Tabél 3.9
Kartu Data Stratégi Éksisténsi

Stratégi Éksisténsi: Wanoja intelék Cutatan: Tapi Asmarandana henteu héroy ku kapangkatan. Manéhna gilig kudu eureun, kudu ngurusan anak jeung salaki. (AL/1/WI/7) Analisis: sanajan Asmarandana digadag-gadag bakal ngaganti wakil diréktur nu téréh pangsiun, Tapi Asmarandana henteu héroy ku kapangkatan. Manéhna gilig kudu eureun, kudu ngurusan anak jeung salaki. Éta téh mangrupa bukti yén Asmarandana téh wanoja nu intelék, bisa nangtukeun kaputusan kalayan sadar sarta wani nanggung risikona.
--

Keterangan:

AL : nuduhkeun novélét *Asmarandana Liwung*

1 : nuduhkeun épisode 1

WI : Wanoja Intelék

7 : nuduhkeun kaca ka 7

3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nyaéta léngkah atawa prosés sitematis pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka ngahasilkeun data nu luyu jeung hadé (Waruwu, 2024, kc. 205). Anapon léngkah-léngkahna nyaéta ngumpulkeun data, réduksi data, midangkeun data, jeung nyusun kacindekan (Miles dina Wulansari spk., 2019, kc. 400).

1) Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap:

- (1) maca buku novélét *Asmarandana Liwung* nu jadi sumber data pikeun dianalisis struktur jeung éksisténsi wanoja;
- (2) nyirian cutatan nu saluyu jeung pangabutuh ulikan;
- (3) ngumpulkeun data nu geus dicirian saluyu jeung pangabutuh unggal ulikan.

2) Réduksi Data

Réduksi data mangrupa kagiatan ngawilah-wilah data nu paling saluyu jeung panalungtikan tina sawatara data nu kapaluruh. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu di handap:

- (1) maca jeung mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- (2) réduksi data nu rék diasupkeun kana kartu data;
- (3) nyeléksi data-data anu saluyu jeung pangabutuh unggal ulikan;

3) Midangkeun Data

Midangkeun data mangrupa prosés nu dilaksanakeun tina hasil réduksi data. Midangkeun data téh prosés ngadéskripsikeun data nu geus diréduksi, boh sacara langsung tina eusi karyana, boh ngawuwuhkeun informasi séjén, sarta éta informasi téh bisa dicindekkeun.

4) Nyusun Kacindekan

Nyusun kacindekan téh léngkah pamungkas tina nganalisis data. Prak-prakan dina nyusun kacindekan miboga tujuan pikeun validasi jeung vérifikasi kana data nu dipidangkeun, sangkan panalungtikan nu geus dilaksanakeun bebeneranana bisa dipercaya.

3.6 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data jeung sumber data panalungtikan mangrupa bahan dasar nu digunakeun dina ngahasilkeun informasi sabada ngaliwatan prosés analisis jeung interprétasi. Pikeun nyangking hasil nu saluyu jeung udagan, tangtu moal leupas tina nyarungsum data jeung sumber data.


3.6.1 Data

Data mangrupa kumpulan fakta, angka, simbol, atawa karakter nu dikumpulkeun ngaliwatan prosés nyarungsum, obsérvasi, atawa nyutat. Data dina ieu panalungtikan nyaéta frasa-frasa atawa kalimah dina novélét *Asmarandana Liwung* nu nuduhkeun struktur carita jeung éksisténsi wanoja.

3.6.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) aya sawatara hal nu bisa dilakukeun dina ngaidéntifikasi sumber data, nyaéta (1) *person* atawa jalma, (2) *place* atawa tempat, jeung (3) *paper* atawa kertas (catetan anu jadi sumber datana). Ku kituna, sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novélét *Asmarandana Liwung* Karya Aam Amilia.

3.6.2.1 Idéntitas Buku



Judul : *Asmarandana Liwung*

Pangarang : Aam Amilia

Pamedal : Pustaka Jaya

Taun Medal : 2024

Jumlah Kaca : 110 kaca

Gambar 3.1
Jilid novélét
Asmarandana Liwung

Asmarandana Liwung mangrupa buku novél déwasa terbitan anyar nu eusina réa ngagambarkeun pasualan-pasualan jeung kaayaan wanoja jaman kiwari. Ieu buku téh nyaritakeun kahirupan Asmarandana salaku wanoja karir dina widang psikolog anu ngarandapan sawatara pasualan dina rumah tanggana. Ti saprak indungna asup ka RSJ alatan ditinggal maot ngadadak ku bapana, Asmarandana kudu eureun kuliah dina seméster opat.

Rifa Salsa Sabila, 2025

ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(Ulukan Struktural jeung Féminisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Diperedih kudu jadi wanoja karir, jeung kudu ngagawékeun *baby sitter* keur ngasuh budakna. Hiji mangsa, Asmarandana nempo salakina keur paduduan di café jeung pangasuh anakna. Tina kajadian éta, Asmarandana liwung antara kudu nuluykeun karirna atawa eureun sangkan bisa fokus ngurus salaki jeung anakna.

3.6.2.2 Biografi Singget Pangarang



Aam Amilia téh nyaéta pangarang Sunda nu masih kénéh aktif nulis nepi ka kiwari. Lain wungkul dina basa Sunda, tapi ogé basa Indonésia. Aam salah sahiji pangarang nu gurat badag tulisanana téh museur kana féminisme. Ku kituna, Aam sok disebut pangarang Sunda nu ahli dina jagat féminisme (Isnendes, 2010, kc. 120).

Gambar 3.2
Potrét Aam Amilia

Aam Amilia gumelar di Bandung ping 21 Désémber 1946. Aam Amilia salah sahiji pangarang entragan ka dua taun 1963 nu geus ngahasilkeun karya-karya nu matak pikaresepeun pamaca. Lain wungkul alus dina ngagunakeun gaya basa jeung galur nu ngaruntuy, Aam Amilia ogé tapis pisan dina ngangkat isu sosial nu keur karandapan di jaman kiwari. Kamekaran jaman teu jadi hahalang dina ngahasilkeun karya nu hadé, tapi Aam Amilia bisa nyaluyukeun eusi karya jeung jamanna. Geus réa pisan karya-karya Aam Amilia nu kungsi dilélér Hadiah saperti hadiah Anugrah Budaya Gubernur Jawa barat, LBSS, jeung nu pang anyarna nyaéta novélét *Asmarandana Liwung* nu asup kana nominé Hadiah Sastra Rancagé taun 2025. Éddy D Iskandar kungsi méré aprésiasi yén hiji-hijina wanoja pangarang nu pangdipikaresep karya-karyana ku nu maca nepi ka kiwari ngan Aam Amilia (Isnendes, 2017, kc. 54).